



**Défenseurs des Opprimés/ Opprimées**

**DOP**

*« Pour une société juste et solidaire »*

***Menas ekspilsyon, dife kriminèl, maspinay ak ansasinay sou moun nan Kan Akra Adoken jounen lendi 15 avril la.***

Adresse: 26, rue du Foyer, Delmas 3

Téléphones: 509-29431886/37 177950/509-34 882075

Email: [defenseursdesopprimes2013@gmail.com](mailto:defenseursdesopprimes2013@gmail.com) / [florvilusp@yahoo.fr](mailto:florvilusp@yahoo.fr)

Skype: patriceflorvilus

---

# **Menas ekspilsyon, dife kriminèl, maspinay ak ansasinay sou mouun nan Kan Akra Adoken jounen**

## **Konteks**

Poun koumanse, n ap raple kan AKRA twouve l nan Delma 33, anfas Komisarya Polis la nan menm lokal **Fò dimanch Fò lanmò** te ye sou peryòd diktati Duvalier yo . Kan Akra sou yon gwo moso tè endividi tout plim tout plimay reklame tanzantan, tankou : ansyen prezidan avi diktatè a **Jean Claude DUVALIER, Me Rayold GOERGES, Fanmi ACRA elatriye**. Daprè anpil lòt moun, ta sanble teren sila se tè Leta Ayisyen, men toujou gen swadizan pwopriyete ki toujou reklame li kòm pwopriyete prive yo .Pou listwa ak memwa n ap raple DOP deja ale lajistis pou akonpanye moun nan Kan Alyans Evanjelik (AEI) plizyè fwa paske gen yon pastè ki te reklame ti moso tè pa li tou nan menm espas kan Akra a . Daprè enfòmasyon dirijan kan yo ban nou ak sa nou li nan estatistik ONG yo, genyen anviron 32 mil moun kap viv nan kan sa a. Menm jan ak anpil lòt Kan, Kan Akra pran nesans tout swit aprè gwo tranbman tè douz (12) janvyè 2010 la. Tankou tout lòt kan yo, moun nan kan Akra toujou ap sibi gwo menas ekspilsyon fòse. Yon n nan pi gwo menas kan sa a viktim se nan dat samdi 13 avril 2013 la bò 2h30 lè, dapre sa rezidan nan kan an rapòte, lè Mèt **Raynold GEORGES** « avoka diktatè Jean Claude Duvalier a » te debake nan kan sa a pou l te vin fè yon swadizan konsta . Mèt Georges reklame 13 santyèm tè nan kan sa a. Zam nan men , akonpaye yon jij ki rele jij Dimanche , yon jij sipleyan nan tribinal Delmas, te pwomèt abitan yo lap mete yo ak dife osnon lap pase traktè sou yo. Yon menas ki ta sanble pa pran anpil tan poul konkretize, lè n konsidere lendi 15 avril 2013 la nan maten bonè, bò 2h30, dife eklate nan kan an. Popilasyon nan Kan an te mobilize . Yon delegasyon te ale nan Komisariya Delmas 33 pou mande sekou , men malerezman Polisye te deklare yo pat gen mwayen pou ale nan kan an ki tou kole avek yo . Se konsa Popilasyon an te deside bloke la ri a pou bay tèt yo sekirite enpi pwoteste kont konpòtman la Polis nan Delmas 33 . Se konsa kan menm la Polis ki pat genyen mwayen pou pote sekou bay moun nan kan yo pou te kapab ede yo touye dife , te jwenn mwayen san pèditan pou te vin maspinan tout moun yo te jwenn nan alantou kan Akra a .

## ***Detay sou sa k te pase jounen samdi 13 avril 2013 la***

Jou ki te samedi 13 avril 2013, pat yon jou menm jan ak tout lòt pou moun Kan Akra Delma 33 yo. Paske sete, dapre yo menm , **Me Raynold Georges akonpanye avek jij de pè Dimanch sipleyan nan Tribinal de Pè Delma a ki** te debake nan kan an, fè gwo presyon sou moun yo, rale zam , tire anlè enpi arete 2 moun ki tap chache konnen rezon ki mennen **Mèt Raynold Goerges** ak jij la te debake nan kan an. Aprè protestasyon popilasyon an , 2 moun yo te arête yo te rive jwenn liberasyon yo. Se te yon polisye ki te maske nimewo li ki te fè arestasyon sa yo sou lòd **Jij Dimanch ak Mèt Georges**. Mèt Georges te tou profite anonse moun nan kan yo , toujou dapre sa yo te rapòte nou , lap mete yo deyò ak dife osnon lap pase traktè sou yo nan kan an. Yon menas moun yo te pran oserye. Se konsa manm komite kan adoken an ki nan

rezo òganizasyon ki rele **Chanje m Leson** , te mande konkou **DOP** ki te konseye rezidan nan kan yo :

- Rete vijilan
- Pote plent kont **Mèt Georges** nan Bawo Lòd avoka Potoprens
- Pote plent nan Konsèy Siperyè Pouvwa Jidisyè a «CSPJ » kont jij Dimanche
- Poten plent nan Enspeksyon Jeneral la Polis kont Polisye ki akonpanye Mèt Georges ak Jij Dimanch nan operasyon move zèfè sa a .

### **Sa k te pase jounen lendi 15 avril 2013 la**

Yon jou sèlman aprè menas mèt George yo, lendi 15 avril 2013, bò 2 zè 30 , gwo dife te eklate nan kan an,sa ki te blije tout moun reveye an boulatchwa pou touye dife, epi kontakte prese prese komisariya Polis Delmas 33 a ki se vwazen kan Akra adoken an .Men se ak anpil mepri la Polis reponn moun yo. La Polius pat vini pou ede moun yo touye dife paske li pa gen mwayen. Tèt chaje ! Repons la Polis la te blije moun yo pran desizyon pou sekirize tèt yo, se konsa, yo te bare lari , epi rete mobilize pou veye jouk li fè klè.

Bò 5 è 30 nan maten , menm la Police ki pat gen mwayen pou pote sekou a, te debake an chango sou kan an, arete ak tire sou moun nan kan. Se nan konteks sa Civil Méris ak Lexima Darlin te jwenn arestasyon yo. Polisye yo te tòtire yo . Yo menm kondwi Lexima Darlin nan Kalfou Gerald Batay pou ye te kapab al touye li dapre sa viktim lan rapòte. Men erezman li te gentan fè jou klè yo pat kapab mete plan sa a an egzekisyon. Konsa, yo te kontinye tòtire Lexima Darlin ak Meris Civil jouskaske Meris Civil te mouri nan Biwo Chèf pòs la nan Komisariya Delmas 33 .

### **Rankont ekip DOP ak Enspektè an chef Komisariya Delmas 33 a « Salomon Jean Faustin » .**

Bò 9 vè nan maten lendi 15 avril la , yon delegasyon te sòti nan kan Akra adoken an pou vini fè dosye nan DOP . Tout swit aprè ekip DOP la te fin pran premye enfòmasyon yo , Mèt Patrice FLORVILUS ak 2 Jiris te rann yo nan komisariya Delmas 33 a nan lide pou jwenn liberasyon Meris CIVIL ak Darlin LEXIMA. Rive nan komisarya Delma 33, yo te chita pale ak enspektè Salomon Jean Faustin ki se enspektè an Chef komisariya Delmas 33 a .

Nan tout entèvansyon Mèt Patrice FLORVILUS te fè nan Komisariya delmas 33 a li t ap chache jwenn liberasyon 2 endividi yo te areto yo, alòske **enspektè SALOMON JEAN FAUSTIN** pat sispann repete :« **2 mesye nou arete yo, te fè anpil dezòd epi li pa konnen nan ki zak mesye yo enplike, li pa ka libere yo konsa** » .Enspektè a te pase anpil tan ap repete menm bagay la. Lè mèt Patrice te mande wè epi pale ak viktim yo, enspektè a deklare mesye yo te rive nan komisarya a nan move eta fizik, lapolis te metrizè yo, se sa kif è li te deja pase lòd pou mennen yo Lopital jeneral. Poutan youn nan 2 mesye yo te gentan mouri, pandan enspektè a t ap woule Me Patrice ak jiris yo nan farin. Sèvis enfòmasyon nou te gentan konfime lanmò Meris Civil pou nou . Se sa k te fè Polisye sou lakou Komisariya pat dakò pou jounalis chèn 40 yo ki te sou plas te pran imaj nan lakou komisariya . se te yon manyè pou yo pat

filme lè yo tap sòti avek kadav Meris CIVIL ki te deja mouri nan sal Biwo chèf Pòs la .Moun nan yo ki te sou lakou Komisaria ak enfòmasyon DOP yo te temwen lè yo te voye kadav Meris Civil vlope nan yon dra nan machin la Polis.Sa vle di polisye yo te voye Meris nan mòg lopital jeneral .Sa vle di tou se pat nan sal ijans La Polis te ale avek Meris Civil jan Jij Frantz Ducasse rekonèt sa nan deklarasyon li fè bay seksyon dwa moun nan MINUSTHA .

Tout swit aprè n fin n aprann nouvèl sa a, aprè plis pase 2 zè tan enspektè Jean Faustin Salomon t ap tounen ekip DOP an won nan komisarya a, nou te rann nou nan tribinal de Pè Delmas pou te mande aparèy jidisyè a pou yo te ale fè yon ti ankèt preliminè nan komisariya Polis Delmas 33 sou sak te rive Meris Civil ak Darlin Lexima. Nou te mande aparèy jidisyè Delmas a pou l te mennen enfòmasyon preliminè sou dosye sa a yon fason pou la jistis kapab konnen :

- Ki kote yo te arete Meris Civil ak Darlin Lexima
- Ki jan Meris Civil te rive nan komisarya ? tou vivan oswa tou mouri ?
- Ki jan yo te sòti nan Komisariya avek Meris Civil
- Ki rezon ki lakòz yo te tòtire Lexima Darlin ?

### **Peripesi nan Tribinal de Pè Delmas**

Ni jij Dimanch , ni jij Salomon , ni Jij Etienne ki se jij an chèf, yo you n pa vle ale nan Komisariya Delmas 33 pou te ale fè ankèt preliminè . Anfen, se Majistra Sipleyan Dubé Dunny ki te aksepte ale nan Komisariya .Se avek anpil sezisman ekip DOP la te konstate kouman Jij la te konplezan avek Komisè an chèf ( Mouche Auguste ensi koni ) ak enspektè Salomon Jean Faustin . Majistra a te prezante mesye sa yo kòm Zanmi li enpi li te mande Direktè Egzekitif DOP pou li negosye yon fason pou yo pa rive antrave polisye yo , pou kòd pa pase nan kou Polisye yo . Majistra a pat poze enspektè Salomon pyès kesyon . Li te jis mande li pou l bay deklarasyon li sou sa ki te pase yo. Li te jis tande deklarasyon li epi mande li pou l voye polisye ki te nan Machin Polis 1-493 la ba li nan Tribinal la nan demen maten 16 avril 2013 ansanm ak Darlin Lexima .

### **Kout teyat jounen madi 16 avril 2013**

Avan dizè nan maten, Mèt Patrice Florvilus akonpanye yon delegasyon Amnesty International te rankontre Darlin Lexima nan Komisariya Delmas 33 . Darlin Lexima te konfime : se depi nan biwo pòs la Meris Civil te mouri apre yo te fi n touye li anba kout baton . Li te konfime tou yo te bat li anpil jiskaske li pat menm ka tande nan zòrèy goch li . Li te pran anpil presyon nan men enspektè Salomon Jean Faustin ki te menase l si toutfwal li ta di la verite sou sa k te pase yo .

Bò 11è nan maten olye jij la tann polisye yo vini kote li nan Tribinal la . Enspektè Salomon Jean Faustin ak kek lòt Polisye te vini chèche jijn la nan tribinal la .Konsa , Jij la te chwazi tande Darlin Lexima san avoka li nan komisariya Delmas 33 a . Lè Direktè egzekitif DOP la te rele jij la, se moman sa a jij la te enfòm l li te deja nan komisariya pou vin tande polisye ki te nan bakòp 1-483 a ki te mennen operasyon kriminel nan kan Akra jounen 15 avril 2013 la .Nan Komisariya Delmas 33 , jij Dubé

te fè anpil demagoji avan li te libere Darlin Lexima nan apre midi madi 16 avril 2013 la . Jij la te mete polisye yo an konfyans ki li pa vini pou antrave yo.

### **Nan Lopital Jeneral**

Nan Lopital Jeneral , Polisye nan Komisariya Delmas 33 yo te mande Jij Frantz Casséus Ducas pou l te al konstate kadav Meris Civil nan Mòg la . DOP te gentan li menm tou , mande yon jij de Pè pou al konstate kadav Meris nan Mòg la . Konsa DOP te pral dekouvri ke se tou mouri Polisye yo te rantre nan mòg la avek Meris Civil .

### **Konsènen sekrite Darlin Lexima**

Darlin Lexima oblije rantre nan mawon paske li pè anpil pou la Polis pa touye l paske yo te di l si l pale verite y ap fè l peye sa chè . Darlin Lexima pè anpil pou sekirite li ak sekirite fanmiy li .

### **Konsènen Meris Civil**

Paran Meris Civil nan gwo tèt chaje . Meris Civil genyen de (2) pitit. Youn genyen 10 zan alòske lòt la genyen 2 zan . Yo anba gwo tèt chaje . Yo se moun Jeremi. Yo debake nan Pòtoprens sou tèt pou vin konstate nan ki kondisyon Lapolisye touye Meris Civil ki se yon pòtè ki konn ede moun pote chaj mete nan machin pou 5 goud 10 goud. Se yon veritab oprime sistèm peze souse a. Dapre tout enfòmasyon nou jwenn, Meris Civil te pral jete fatra nan jounen lendi maten 15 avril la bò 5è lè machin lanmò Polis Delmas 33 imatrikile 1-483 te arete li , minoteli, bat li ak kout kòf fizi, kout baton, fouwe kawoutchou nan tèt li yon fason pou yo te kapab boule li enpi di se moun ki touye li dapre sa nou jwenn kòm enfòmasyon . Paran Meris Civil bezwen fè lantèman li alòske medesen lejis yo di pa gen materyèl pou yo fè otopsi kadav la .

### **Sou sa k konsènen sekirite Direktè Egzekitif DOP la**

Anvan menm nou te resevwa moun nan kan Akra yo, nan wout pou biro n, nou te konstate nan jounen lendi 15 avril bò 8tè 30 nan maten yon bakòp lapolis nimerò 1-493 t ap swiv nou depi sòti Delmas 24 jou k rive Solino pou debouche sou avni Pouplard . Nan mèkredi maten menm machin la Polis sa a te rive pakin devan Biwo Mèt Patrice Florvilus enpi deplase lè Mèt la te fin pakin machin pa li . Yon lòt jou se te bò yon otel nan kapital la machin te koumanse swiv mèt la ankò jouk rive nan zòn kanapevè .Sitiyasyon sa pouse n poze tèt nou kesyon sa yo :eske se yon senp konyensidans osnon se yon entimidasyon pou anpeche n kontinye dosye sa jouk nan bout li ? Nou pa kwè se yon senp konensidans, lè n konsidere kantite gwo lotorite nan komisariya Delmas ak nan lajistis ki dwe bay eksplikasyon sou dosye sa a .Nou pa kwè se yon koyensidans lè n konsidere teren adoken se yon teren mouche Duvalier reklame enpi lè n konsidere pozisyon Mèt sou jijman diktatè a . Nou pa kwè tou se yon konyensidans, lè n konsiderans de (2) semèn avan Met la te resevwa menas nan men yon zanmi yon kolonèl nan lame ki te vin ofri li dosye ke Mèt la te refize .

Antouka , DOP detèmine pou ede viktim yo jwenn jistis . Nou detèmine pou tout polisye ki te nan machin 1-493 la reponn kesyon lajistis. Nou detèmine tou pou batay bò kote oprime yo pou yo rive derasinen sistèm jistim miwo mi ba sa a.

## **Konklizyon**

Nan sitiyaasyon sa a , DOP panse li nesesè pou tout sitwayen konsekan leve vwa yo pou di NON ! Nou pap tounen nan fò dimanch fò lanmò ankò. Nou pap tounen anba zak tòti ak ansasinay la Polis oswa tonton makout ankò . DOP kwè ,fòk tout òganizasyon k ap defann dwa moun yo fè yon sèl avek DOP pou n mande jistis pou Meris Civil ak Darlin Lexima . Nou kwè li enpòtan pou la jistis louvri ankèt prese prese pou sou dosye sa .Fòk enspeksyon Jeneral la Polis louvri ankèt sou bakòp la Polis 1-483 ak 1-493 yo . Fòk Bawo Pòtoprens louvri yon ankèt prese prese sou zak entimidasyon Mèt Raynold Georges te fè sou moun nan kan Akra adoken yo .

DOP mande tout sitwayèn/sitwayen konsekan mobilize poun mande jistis pou Meris Civil ak Darlin Lexima . Nou dwe kanpe djanm pou konbat tout fòm represyon k ap fèt sou deplase entèn k ap viv anba tant yo depi apre 12 janvyè 2010.

Viktwa se pou pèp vanyan .